

# AF 2017-18

## Pwopozisyon Bidjè



# Pwopozisyon Bidjè pou AF 2017-18

- Yon Kad Kominote Rezistan

- 100 Vil Rezistan Rockefeller yo (Rockefeller 100 Resilient Cities)
- Devlope estrateji pou amelyore ekonomi lokal la, ofri rezidan nou yo bèl opòtinite, ranfòse bidjè nou an
- Fè kominote nou an vin yon kote san danje pou rete avèk opòtinite travay, opsyon pou kilti ak detant, sèvis sosyal ak vwa kominikasyon, ki angaje nan pwoteksyon ak konsèvasyon byen natirèl nou yo ak byen lèzòm kreye yo

YON GRAN MIAMI


REZISTAN

[www.100resilientcities.org](http://www.100resilientcities.org)




BAT  
BUDGETING ANALYSIS TOOL

INVESTISMAN  
\$2,432,825,000  
33%



**BIDJÈ TOTAL KI  
PWOPOZE POU AF  
2017-18:  
\$7,404,032,000**

FONKSYÒNMAN  
\$4,971,207,000  
67%



SIBVANSYONE  
GRAS A TAKS  
\$2,355,299,000  
47%

GRAS A  
KAPITAL PWÒP  
\$2,615,908,000  
53%

27,163 pòs nan bidjè a



# Pwopozisyon Pou Taks

TAB TO PA MIL			
Otorite Fiskal	To Pa Mil Reyèl AF 2016-17	Pwopozisyon To Pa Mil AF 2017-18	Chanjman Pa Rapò a To Pa Mil Reyèl AF 2016-17
Tout Konte a	4.6669	4.6669	0.00%
Distrik Sèvis Ponpye Miami-Dade	2.4207	2.4207	0.00%
Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami-Dade	0.2840	0.2840	0.00%
Zòn Sèvis ki Pa Konstitye Minisipalite (UMSA)	1.9283	1.9283	0.00%
<b>Total To Fonksyònman Pa Mil</b>	<b>9.2999</b>	<b>9.2999</b>	<b>0.00%</b>
Dèt Tout Konte a	0.4000	0.4000	0.00%
Dèt Distrik Ponpye a	0.0075	0.0075	0.00%
<b>Total To Fonksyònman ak Dèt Pa Mil</b>	<b>9.7074</b>	<b>9.7074</b>	<b>0.00%</b>




# Pwopozisyon Bidjè pou AF 2017-18

- Ogmante finansman pou konbat Zika ak lòt maladi marengwen pote
- Ogmante kantite polisye yo; ajoute yon nouvo inite ponpye, yon inite ekstenksyon, ak yon brigad
- Finanse Pwogram Sekirite Lajenès ak Kominote a
- Pwolonje lè ouvèti yo nan Sistèm Bibliyotèk la
- Fon pou plan Transpò Piblik Rapid Estratejik nan Zòn Miami an (SMART) ak limyè sikilasyon ki adapte poukont yo
- Gen ladan fon pou agrandi vout pyebwa nou an
- Kontinye finanse òganizasyon kominotè yo
- Kontinye finansman Employ Miami-Dade ak travay dete pou jèn yo



# Chapant Rezistans Vil la



## Chapant Rezistans Vil la

### 4 Dimansyon

**Sante ak Byennèt:** *sante ak byennèt tout moun ki rete ak travay nan vil la*

**Ekonomi ak Sosyete:** *sistèm sosyal ak finansye ki pèmèt popilasyon lavil yo viv nan lapè, ak aji ansanm*

**Enfrastrikti ak Anviwònman:** *jan enfrastrikti sèzèm fe ak enfrastrikti natirèl ofri sèvis esansyèl ak pwoteje sitwayen lavil yo*

**Lidèchip ak Estrateji:** *lidèchip efikas, libète aksyon pou pati enterese yo, ak planifikasyon entegre*





# Sante ak Byennèt



- Plis pase \$25 milyon nan Taks sou Manje ak Bwason yo ki repati pou moun ki pa gen kay ak viktim vyolans familyal; \$1.1 milyon soutyen Fon Administrasyon Jeneral pou sèvis soutyen pou sivivan vyolans familyal yo ki nan refij Konte a ap jere yo
- Pou ede konbat Zika ak lòt maladi marengwen pote gen fon pou 42 pòs, difizyon ak edikasyon, ekipman, ak flit (\$16.693 milyon)
- Fon pou aprann naje, Fit2Play ak Fit2Lead, ak lòt pwogram espò ak egzèsis fizik nan diferan pak
- Ajoute 900 èdtan leson patikilye nan sis sikisal bibliyotèk, ogmante bidjè materyèl pou bibliyotèk la pa \$500,000 pou agrandi koleksyon liv odyo ak liv elektwonik, chante ki kapab telechaje, ak magazin dijital bibliyotèk yo





# Ekonomi ak Sosyete

- Finansman pou twa kou Prensip Aplikasyon Lalwa (Basic Law Enforcement , BLE) pou ranplase pèsònèl Lapolis k ap retirete a epi ajoute ant 15 ak 25 ajan lapolis anplis
- MDRFR pwal fè omwen twa kou pou nouvo rekri yo epi ouvè de nouvo inite pandan prentan an
- Kontinye finansman pou pwogram Boot Camp ak I'm Ready yo
- Finansman pou Pwogram Sekirite Lajenès ak Kominote a
- Cooperative Extension ap gen 600 pwogram edikasyon ak difizyon, k ap sèvi 15,000 patisipan ak soutni Pwogram Devlopman pou Lajenès 4-H la
- Ayewopò Entènasyonal Miami pwal akeyi 45 milyon pasaje
- PortMiami pwal ajoute jiska kat nouvo aparèy levaj post-panamax pou okipe kago ki ogmante a



- Finansman ap kontinye pou soutni eMerge Americas, k ap prezante teknoloji ki fèk parèt ak atire plis pase 13,000 vizitè
- Gen fon pou sibvansyon biznis familyal yo





# Enfrastrikti ak Anviwònman

- Plis Fon Administrasyon Jeneral pou nouvo Sant pou Adopsyon ak Pwoteksyon Bèt Kay la pou yon total \$14 milyon
- Gen mentnans 11,000 pyebwa nan konte a ki pwal fèt epi gen fon ki prevwa pou plis pyebwa toujou
- Gen mentnans plaj sou 17 mil plaj ki finanse
- N ap ofri sèvis ranmasaj fatra ak resiklaj bay plis pase 300,000 kay
- Fon pou eliminasyon dlo ize trete k ap devèse nan lanmè prevwa nan plan investisman sou plizyè ane a
- Gen \$6.92 milyon fon ki planifye pou achte tè ki gen anviwònman yo an danje (EEL); \$14.4 milyon pou ranbleyaj plaj yo ak estabiilzasyon rivaj yo
- N ap ofri pwoteksyon kont move tan, pentire kay, volè pou siklòn ak lòt sèvis rediksyon ris rezidansyèl bay 110 kay
- Gen \$16 milyon ki pwal investi nan koridò vèt ak chimen pou bisiklèt kòm pati nan \$79 milyon nan pwojè sou plizyè ane



# Lidèchip ak Estrateji

- Orè Sant Kontak 311 yo ap ant 7è nan maten ak 7è nan aswè L-V ak ant 8è nan maten ak 5è nan apremidi nan samdi
- Kontinye finanse 30 sit vote pi bonè epi
- Kontinye finanse fòmasyon kad ak manadjè entèmedyè ak anplwaye ki gen kontak dirèk avèk kliyantèl la
- Agrandisman Biwo Kapasite Rezistans la


YON GRAN MIAMI

REZISTAN



# Pwopozisyon Bidjè pou AF 2017-18

- Resèt òdinè ap soutni sèvis repetitif
- Finansman Rezèv Egzansyon sou Pwopriyete Familyal la pou Bibliyotèk, Ponpye, ak Fon Administrasyon Jeneral pou Tout Konte a
- Rezèv yo reprezante 4.17 pousan eksplwatasyon Fon Administrasyon Jeneral la epi yo prevwa Rezèv pou Entèvansyon Dijans la ap gen yon balans \$100 milyon disi AF 2020-21



# Rekòmandasyon pou Ajisteman Pri

- **Distrik Fiskal Espesyal yo:** ajiste jan sa nesesè pou kouvri kou amenajman peyizaj, gad sekirite, limyè
- **Sèvis Sanitasyon:** pri rezidansyèl la ogmante pa \$25 rive yon total \$464 pa ane pou finanse fonksyònman regilye yo ak lòt travay pou amelyore sèvis yo
- **Divès:** Sèvis pou Zannimo, Bibliyotèk, Pò Lanmè, Avyasyon, Planifikasyon ak Zònay, ak Respè Kòd Bilding ak Katye



# Pwosesis Elaborasyon Bidjè a pou AF 2016-17

- Bidjè a Soumèt bay OMB: **13 fevriye** ✓
- Aktivite Elaborasyon Bidjè a: **mas - jen** ✓
  - Konferans pou Estime Revni
- Lis Kontribyab Preliminè Final: **1ye jiyè** ✓
- Soumisyon Pwopozisyon Bidjè a: **11 jiyè** ✓
- Odyans Piblik BCC, Apwobasyon Pri TRIM yo: **18 jiyè** ✓
- Reyinyon Piblik sou Bidjè a: **Mwa dawout** ←
  - Reyinyon Komisyon Plenyè: **30 dawout**
- Odyans Piblik sou Bidjè a: **7 sept ak 19 sept**
- Nouvo Ane Fiskal la ap kòmanse: **1ye oktòb**



# Asamble Piblik Vityèl Majistra a



Facebook

23 dawout

1:30 - 2:30 nan  
apremidi



Twitter

23 dawout

3:00 - 4:00 nan  
apremidi





Prezantasyon sa a, epitou lòt detay sou Pwopozisyon Bidjè a, disponib sou sit wèb nou an:

Pwopozisyon Bidjè:

<http://wwwstage8.miamidade.gov/sites/departments/management/2017-18-proposed-budget.page>

Powerpoint (disponib nan 3 lang):

<http://wwwstage8.miamidade.gov/sites/departments/management/2017-18-proposed-budget-information.page>



# Mèsi

